7. Морозова А.А. Специфика традиционных жанров журналистики в текстах социальных сетей (на примере «ВКонтакте») // Вестник Челябинского государственного университета, 2015. - № 5. Филология. Искусствоведение. Вып. 94. С. 245).
8. Muminov F.A., Bekbawliev D.O hám basqalar. Jurnalistika hám ǵalaba kommunikaciya tiykarlarí. Sabaqlıq. – T.: «Yosh avlod matbaa». 2021. –V. – 196.

**REZYUME.** Maqolada axborot asrida Qoraqalpogʻistondagi Ta’lim sohasiga oid onlayn medialarning rivojlanish bosqichlari, uning jamiyat rivojlanishidagi oʻrni hamda ahamiyati oʻrganilgan. Shuningdek, bugungi kundagi ijtimoiy tarmoqlarning xususiyatlaridan kelib chiqib, ularning tasnifi va turlari koʻrsatib oʻtilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье научно проанализирована проблема материалов, опубликованных в онлайн-СМИ в области образования. В частности, систематически изучались проблемы, связанные с образованием, опубликованные на веб-сайтах и в социальных сетях, их сущность и предлагаемые решения. В ходе исследования были оценены тематическая направленность медиаматериалов, способ постановки проблем и их роль в формировании общественного мнения.

**SUMMARY.** This article scientifically analyzes the problem of materials published in online media in the field of education. In particular, the problems related to education, published on websites and social networks, their essence and proposed solutions were systematically studied. During the research, the thematic orientation of media materials, the method of posing problems, and their role in shaping public opinion were evaluated.

## ТЕАТР ЖУРНАЛИСТИКАСЫНЫҢ ҚӘЛИПЛЕСИЎ БАСҚЫШЛАРЫ

**Оразов Абдикадир -** *Кеңес хаткери*
*Өзбекстан мәмлекетлик көркем өнер ҳәм мәдeният институты Нөкис филиалы*

**Таяныш сөзлер:** театр журналистикасы, театр сын көзқарасы, рецензия, ғалаба хабар қураллары, театр көркем өнери, миллий театр, ғәрезсизлик, мәдений сиясат, медиа, жәмийетлик пикир.

**Ключевые слова:** театральная журналистика, театральная критика, рецензия, средства массовой информации, театральное искусство, национальный театр, независимость, культурная политика, медиа, общественное мнение.

**Key words:** theater journalism, theater criticism, review, mass media, theatrical art, national theater, independence period, cultural policy, media, public opinion.

Театр көркем өнери ҳәм журналистика – жәмийеттиң ең әҳмийетли ҳәм тарийхий тамырларға ийе болған кәсиплик тараўлары болып табылады.

Бул еки тараў жәмийетлик раўажланыў, сиясий-мәдений өзгерислер ҳәм технологиялық жаңалықлар тәсиринде үзликсиз жаңарып, заман талабына ылайық бейимлесип келди. Тарийхый тәжирийбе көрсеткендей, жаңа коммуникациялық технологиялардың пайда болыўы театр ямаса журналистиканың жоқ болыўына емес, ал олардың мазмун ҳәм форма жағынан байыўына алып келди. Мәселен, кинематографияның пайда болыўы менен театр өнериниң жоғалып кетиўи ҳаққында пикирлер айтылған болса да, театр өз аудиториясын сақлап қалды ҳәм жаңаша эстетикалық формаларда раўажланды. Сол сыяқлы, интернет технологиялары журналистиканы қысып шығармастан, оның функцияларын кеңейтти ҳәм жаңа медиакеңликти пайда етти. Журналистика театр көркем өнериниң пайда болыўы тарийхында театрдың раўажланыўы ҳәм үгит-нәсиятлаў процесинде тийкарғы қуралға айланған. Әййемги Греция дәўиринде-ақ қала майданларында жаршылар өткерилетуғын тамашалар ҳаққында халыққа хабарландырып барған.

[1.19] Театр журналистикасының қәлиплесиўи әййемги дәўирлерге барып тақалады. Әййемги Греция қала-мәмлекетлеринде жаршылар халықты өткизилетуғын сахналық тамашалар ҳаққында хабарландырып отырған. Бул процесс театр ҳәм жәмийет арасындағы коммуникатив байланыстың дәслепки формасы болып табылады. Орта әсирлер дәўиринде Европа еллеринде де сарай спектакльлери, рыцарлар жарысы ҳәм басқа да тамашалар ҳаққында хабар жеткериў функциясын жаршылар атқарған. Кейиншелик бул хабарлар жазба формаға өтеди ҳәм дәслепки газеталарда басыла баслайды. Усы дәўирде спектакльлерди талқылаў, пикир билдириў, яғный рецензия жанрының элементлери қәлиплесе баслайды.

Россияда театр ҳаққындағы жазба материаллардың дәслепки үлгилери XVIII әсирге туўра келеди. 1729-жылға шекем халық сахналық тамашалар ҳаққында тек аўызша дағазалар арқалы мағлыўмат алған. [2] Кейин «Санкт-Петербург Ведомости» газетасында шет ел труппаларының спектакльлери ҳаққында материаллар басылып шыға баслады.

1750-жылы Фёдор Волков тәрепинен рус театрының шөлкемлестирилиўи театр журналистикасының институционал раўажланыўына жол ашты. Афишалар, хабарландырыў текстлери ҳәм баспа материаллары системалы түрде жарық көре баслады. [3.203] Театрға қәнигелескен арнаўлы басылымлардың пайда болыўы мәселеси илимий әдебиятта тартыслы болып табылады. 1784-жылы актёр Иоганн Карл Зауйервейд тәрепинен немис тилинде шығарылған «Russische Theatralen» журналы дәслепки театр басылымларының бири сыпатында көрсетиледи. [4] Бирақ, оның рус тилинде болмағанлығы себепли айырым изертлеўшилер оны миллий театр журналистикасының басламасы деп есапламайды.

1787-жылы жарық көрген «Драмалық сөзлик» басылымы театрға бағышланған энциклопедиялық характердеги дерек болып, 339 пьеса ҳаққында мағлыўмат береди. Бирақ бул күнделикли журнал емес еди. Көпшилик илимпазлар Россиядағы дәслепки турақлы театр журналы сыпатында 1808-жылы драматург Александр Шаховской шөлкемлестирген «Драматический вестник» журналын көрсетеди. Бул басылымда театр теориясы, тарийхы, рецензиялар, жаңалықлар ҳәм публицистикалық материаллар жарияланған. XIX әсир ақырына келип театр журналистикасы жанрлық жағынан байып, сын (критика) жетекши орынға шықты. XIX әсир ақырына келип театр тараўында журналислик материаллар дөретилип, басылымлардың реклама ҳәм хабар түрлери пайда болды. Буның себеби, театр газета ҳәм журналларында цензураның бийкар етилиўи, мәмлекетлик емес театрлардың пайда болыўы менен байланыслы еди. [5.458] Бул дәўирде театр сыншылығы, яғный рецензия жанры жедел раўажлана баслады. 1917-жылғы революциялық өзгерислерден кейин театрда цензура бийкар етилип, журналистлерге еркин сын билдириў имканияты пайда болды. Газеталарда театр системасы, репертуарлар, режиссёрлық шешимлер ҳәм актёрлық шеберлик ҳаққында аналитикалық мақалалар көбейди. Газеталарда тек пьесалардың аўдармаларын ҳәм актёрлардың атқарған роллерин ғана емес, ал театр системасын, спектакльлер ҳәм репертуарлар бойынша сын көз қарастан мақалалар жазған. Сол жылы ҳәр бир журналист жазған театр машқалалары ҳаққындағы мақалалар ең көп белгили болды. [6]

1920-жылларда «Жанлы газеталар» формасы пайда болып, публицистикалық материаллар инсценировка түринде халыққа жеткерилди. Бул театр ҳәм журналистиканың өз ара интеграциясының айқын мысалы еди. 1930-жыллардан баслап театр сыншылығы идеологиялық баҳлаў шеңберинде раўажланды. Сын материаллары режиссёр ҳәм актёрлардың абройына, искерлигине тәсир көрсететуғын қуралға айланды.

Екинши жер жүзилик урыс жылларында театр журналистикасы уақытша тоқтап турыў басқышын бастан кеширди. 1945-жылдан кейин қайта тикленип, театрдың көркемлик сапасын таллаўға бағдарланды.

1991-жылдан кейин театр журналистикасы жаңа мазмунлық басқышқа көтерилди. Бурын шекленген темалар қайта тикленип, миллий тарийх ҳәм мәдений мийрасқа бағышланған спектакльлер кең талқылана баслады.

Өзбекстанда театр журналистикасы миллий театр менен бирге қәлиплести. Ғәрезсизлик жылларында миллий қаҳарманлар образлары сахнаға қайтып оралды. Мәселен, Алишер Наўайы, Бабур, Амир Темур, Жалалиддин Мангуберди, Мирзо Улуғбек сыяқлы тарийхий шахслар образлары театр сахнасында кең сәўлеленди.

Өзбекстан Миллий академиялық драма театры репертуары, режиссёр изленислери ҳәм актёр шеберлиги баспасөзде системалы түрде талқыланып, театр таныўшылық мектеби қәлиплести. Сол дәўирде Абдулла Қадирий, Шолпан, Фитрат, Ғафур Ғулам, Айбек, Абдулла Алавий ҳәм басқа да дөретиўшилердиң көркем шығармалары, илимий-публицистикалық мақалалары «Гүлистон» журналында сәўлелелнип барды. [7]

Жуўмақлап айтқанда театр журналистикасының қәлиплесиўи әййемги жаршылар дәўиринен басланып, баспа басылымлары арқылы институционал характерге айланды. Ол театр өнериниң раўажланыўына, жәмийетлик пикирди қәлиплестириўге ҳәм көркем процесслерди таллаўға хызмет ететуғын өз алдына медиа тараў болып есапланады.

Бүгинги күнде театр журналистикасы тек баспа газета ҳәм журналлар менен шекленбестен, телевидение, радио ҳәм интернет тармақлары арқалы да кең аудиторияға жетип бармақта. Санлы медианың раўажланыўы театр журналистикасының жанрлық ҳәм функционал мүмкиншиликлерин тағы да кеңейтти.

**Пайдаланылған әдебиятлар**

1. Волков Фёдор Григорьевич. Материалы по истории русского театра XVIII века. – Санкт-Петербург: Наука, 1953.
2. Шаховской Александр Александрович. Драматический вестник (журнал, 1808 ж.). – Санкт-Петербург.
3. Санкт-Петербург Ведомости. Архивные материалы XVIII века.
4. Гвоздев А.А. История русского театра. – Ленинград: Искусство, 1973.
5. Театральная энциклопедия: В 6 томах. – Москва: Советская энциклопедия, 1961–1967.
6. Өзбекстан Миллий академиялық драма театры. Архив материаллары ҳәм репертуар жыйнақлары.
7. Каримов Н. Миллий театр ҳәм заман. – Ташкент: Ўзбекистон, 2001.

**РЕЗЮМЕ.** Мақалада театр журналистикасының қәлиплесиў ҳәм раўажланыў басқышлары тарийхый тийкарда додаланады. Театр ҳәм журналистиканың өз-ара байланысы, дәслепки хабар бериў формалары ҳәм театр критикасының пайда болыўы талланады. Россия ҳәм Өзбекстан тәжирийбеси мысалында тараўдың институционаллық раўажланыўы көрсетиледи. Ғәрезсизлик дәўиринде миллий театр журналистикасының мазмун жаңаланыўы айрықша атап өтиледи. Бүгинги күнде оның медиа кеңисликтеги орны ҳәм әҳмийети анықланады.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются этапы формирования и развития театральной журналистики в историческом аспекте. Анализируется взаимосвязь театрального искусства и журналистики, становление первых форм информирования о спектаклях и развитие жанра театральной критики. Особое внимание уделяется институциональному развитию театральной журналистики в России и Узбекистане. Отмечаются изменения, произошедшие в период независимости, а также расширение функций театральной журналистики в современных медиа. Делается вывод о её значимой роли в формировании общественного мнения и развитии театрального искусства.

**SUMMARY.** This article examines the historical stages of the formation and development of theater journalism. It analyzes the interaction between theatrical art and journalism, the emergence